


# QARAQALPAQ TILIN OQÍTÍWDA JAŃA PEDAGOGIKALÍQ TEXNOLOGIYALAR HÁM INTERAKTIV METODLARDÍŃ OQÍTÍW PROCESSINÍŃ NÁTIYJELIGIN ASÍRÍWDAĞÍ ÁHMIYETI

**Qurbanbaeva Venera Jańabaevna**
Ózbekistan Respublikası IIM Qaraqalpaq akademiyalıq licey Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páni muǵallimi
https://doi.org/10.5281/zenodo.8185405

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 20-July 2023 yil
Ma'qullandi: 23-July 2023 yil
Nashr qilindi: 26-July 2023 yil

**KEY WORDS**

*Qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikası, pedagogikalıq texnologiya, tálim texnologiyaları, dástúriy tálim texnologiyası, dástúriy emes tálim texnologiyası, interaktiv metodlar, innovaciya.*

**ABSTRACT**

*Bul maqalada Qaraqalpaq tili sabaqlarınıń sapasın jaqsılawda jańa pedagogikalıq texnologiyalar, interaktiv metodlardan paydalanıw zárúrligi hám olardıń biliw iskerligin asırıwdaǵı áhimiyeti haqqında sóz etiledi.*

Ózbekstan Respublikasınıń Bilimlendiriw haqqındaǵı nızamında, Kadrlardı tayarlawdıń milliy baǵdarlamasında, Ministrler Keńesiniń «Ózbekstan Respublikasında ulıwma orta tálim» haqqındaǵı qararlarında ana tilin oqıtıwǵa, oqıtıwdıń jańa pedagogikalıq texnologiyası tiykarında jańa usılda oqıtıw máselelerine itibar berilgen. Ana tilin oqıtıw arqalı oqıwshılardı xalqımızdıń bay milliy mádeniyatı, tariyxı, úrip-ádet dástúrleri, xalıqtıń awızeki dóretpeleri, ana tilimizdiń bay ǵáziynesi menen keńnen tanıstırıw múmkinshiligine iye bolamız. Oqıwshılar ana tilin biliw arqalı basqa pánlerdi úyreniwge erisedi.

Házirgi kúnde tálim processinde interaktiv metodlardı (innovaciyalıq, pedagogikalıq hám xabar texnologiyaları) paydalanıp, tálimniń sapasın arttırıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıq, itibar kúnnen-kúnge kúsheyip barmaqta. Zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıp ótilgen sabaqlar studentler (yaki oqıwshılar) iyeleytuǵın bilimlerin ózleri izlep tabıwına, óz betinshe úyrenip talqılawına, hátte juwmaqların da ózleri islewine qaratılǵan. Bul processte oqıtıwshı jeke adam hám topardıń qáliplesiwi, bilim alıwı hám tárbiyalanıwına sháriyat jaratadı, sonıń menen birge basqarıwshı, shólkemlestiriwshi hám baǵdarlawshı wazıypasın atqaradı. Bunday oqıw processinde student (yaki oqıwshı) tiykarǵı figuraǵa aylanadı.

Demek, solay eken Qaraqalpaq tili pánin oqıtıwda da oqıtıwdıń jańa metodlarınan nátiyjeli paydalanıp oqıwshılardıń biliw iskerligin asırıw hám bul iskerlikti ámeliyatta qollay alıw múmkinshiligin asırıw ushın hár bir pedagog oqıtıwshıdan ayrıqsha juwapkershilikti talap etedi. Sonlıqtan da búgingi kúnde Qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikasın tereń úyreniw aktual máselelerden sanaladı.

Hár qanday ilim tarawı kóp jıllar dawamında júrgizilgen tájiriybeler, izleniwler, sınap kóriwler nátiyjesinde dóreydi, qáliplesedi hám rawajlanadı. Qaraqalpaq tili sabaqlarınıń nátiyjeliligi oqıtıwshınıń oqıtıw metodların jaqsı biliwi hám metodtı durıs tańlap biliwi menen baylanıslı.

Búgingi kúnde tálim texnologiyaların shártli túrde eki túrge ajıratıw múmkin: 1. Dástúriy hám 2. Dástúriy emes.

Dástúriy tálim texnologiyası - arnawlı bir múddetke mólsherlengen, tálim processi kóbirek oqıtıwshı shaxsına qaratılǵan bolıp, oqıtıwdıń dástúriy forması, metodı hám tálim quralların kompleksinen paydalanıp tálim-tárbiya maqsetine erisiw bolıp tabıladı.

Dástúriy emes tálim texnologiyası - arnawlı bir múddetke mólsherlengen, tálim processi orayında oqıwshı shaxsı bolıp, oqıtıwdıń zamanagóy forması, aktiv oqıtıw metodları hám zamanagóy didaktik qurallardıń kompleksin tálim-tárbiya jumısınan gózlengen maqset hám kepillik berilgen nátiyjege erisiwge jóneltiriw bolıp tabıladı. Dástúriy emes tálim texnologiyası dástúriy tálim texnologiyasınan ózgesheligi oqıwshılardıń biliw múmkinshiliklerin rawajlanıwına sharayat jaratadı, ózbetinshe islewlerine ayrıqsha itibar beriledi, biliw xızmetleri izleniwsheń hám dóretiwshilik xarakterge iye boladı. Sabaq strukturası ózgeriwsheń boladı.

Qaraqalpaq tilin oqıtıwdıń mazmunın jetilistiriwdıń eń áhmiyetli bólegi sabaqta jańa materialdı túsindiriwdi durıs shólkemlestiriw menen birge, onı oqıwshılardıń sanalı túrde hár tárepleme ózlestirip alıwına erisiw. Sonıń ushın da muǵallimniń jańa materialdı bayanlawı, mısallardı tallap túsindiriwi júdá anıq, ıqsham hám túsinikli bolıwı tiyis.

Qaraqalpaq tili sabaǵında oqıwshılardıń kreativligin asırıwshı metodlardı hár bir pedagog óziniń pedagogikalıq sheberligi hám ótiletuǵın temanıń mazmunınan kelip shıǵıp tańlaydı.

Búgingi kúnde qaraqalpaq tilin oqıtıwda hár qıylı metodlar qollanıladı. Oqıwshılardıń dóretiwshilik qábilet hám uqıpların rawajlandırıwda bir qansha interaktiv metod hám texnologiyalar bar. Atap aytqanda, **“Klaster” “Aqıliy hújim”, “Zinama-zina”, “FSMU” texnologiyaları hám “Rólli oyınlar”, “Kishi gruppalarda islew”, “Esse”, “Assesment texnologiyasi”, “Blits soraw”, “Refleksiya”** hám basqa da metodlardı aytıp ótiw múmkin.

Oqıtıw metodların tańlawda eki eń áhmiyetli másele kózde tutıladı:

a) oqıwshılardıń teoriyalıq bilimdi iyelew qábileti;

b) úyrenilgen bilimdi ámeliy shınıǵıwlar menen sapalı ózlestiriw hám ámelde qollana biliwi.

Ana tili boyınsha bilimniń maqseti mınalardan ibarat desek boladı: ana tili shınıǵıwları oqıwshılarda dóretiwshilik, erkin pikirlew, dóretiwshilik pikirdi sóylew sharayatına say ráwishte awızeki, jazba túrde durıs bayanlaw kónlikpelerin qáliplestiriw hám rawajlandırıwǵa baǵdarlanıwı shárt.

Demek, solay eken biz pedagog oqıtıwshılar joqarıdaǵılardı itibarǵa alǵan halda hár bir sabaqtı nátiyjeli shólkemlestiriwge, onda qollanılatuǵın metodlardı aldın ala rejelestirip bunnan qanday nátiyje alamız degen sorawlardı ózimizge berip turıp sabaq processin mazmunlı basqarıwǵa umtılıwımız kerek. Bunıń ushın biz tınımsız izleniwde, jańa pedagogikalıq texnologiyalardan xabardar bolıp, interaktiv metodlar menen jeterli dárejede qurallanǵan bolıwımız lazım.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Qutlımuratov.B. Qaraqalpaq tilin oqıtıwdıń ayırım máseleleri. Nókis, 1992.
2. Pirniyazova.A., Shinnazarova.S. Házirgi qaraqalpaq tili (leksikologiya) pánin oqıtıwda interaktiv usıllardan paydalanıw. Toshkent, 2011.
3. Allanıyazova.Sh., Táńrbergenov.J. Qaraqalpaq tilin oqıtıwda inovaciyalıq texnologiyalar. Nókis, 2015.
4. Akademik S.S.G`ulomov umumiy rahbarligi ostida O`quv jarayonida ilg`or pedagogik va axborot texnologiyalarini qo`llash yo`llari. Uslubiy qo`llanma. Toshkent, 2005.

INNOVATIVE ACADEMY